

Oktòb se **MWA KOLÈJ** nan Lekòl Piblik Boston yo.

Aktivite nou sijere pou lekòl yo...

TOUT LEKÒL YO

- Kowòdone aktivite pou montre inivèsite ou “Represent Your Alma Mater Day” (23 oktòb), kote anplwaye yo kapab vini ak inifòm inivèsite yo pou anime dyalòg sou esperyans yo te fè lè yo te etidyan
- Ankouraje pwofesè yo pou fasilite redaksyon tèks nan klas Angle yo kote elèv yo ka ekri sou djòb/pwofesyon ki enterese yo, enpi di poukisa ale nan inivèsite enpòtan
- Ankouraje patnè nan biznis yo vini nan klas yo pou dekri karyè yo oswa vini nan pwogram apre lekòl yo pou esplike kisa yon moun bezwen pou fè menm karyè sa a
- Ankouraje paran yo vizite sant “TERI College Planning Centers” pou pran enfòmasyon sou ki fason moun aplike pou kolèj, lekòl inivèsite yo, kòman pou yo jwenn lajan prete

LEKÒL MWAYÈN

- Revize ak elèv yo ki preparasyon ki nesèsè pou yon moun ale nan kolèj n ap jwenn sou entènèt la www.bostonpublicschools.org/college sa ka fèt nan klas, nan peryòd “advisory” ak nan reyinyon paran
- Patisipe nan aktivite “Get Ready for College Day” (5 -23 oktòb)
- Envite direktè lekòl segondè yo ansanm ak konseye yo vini esplike sa k ap fèt nan lekòl yo, fason pou moun chwazi “high schools” enpi prepare tranzisyon lekòl primè oswa fondamantal pou ale nan lekòl segondè
- Monte yon kalandriye pou envite elèv 8èm Ane yo vizite lekòl segondè Boston yo

LEKÒL SEGONDÈ

- Revize ak elèv yo ki preparasyon ki nesèsè pou yon moun ale nan kolèj n ap jwenn sou entènèt la www.bostonpublicschools.org/college sa ka fèt nan klas, nan peryòd “advisory” ak nan reyinyon paran
- Administre egzamen gratis PSAT pou tout elèv 10èm ak 11èm Ane (14 oktòb), anmenmtan ou ap òganize chita pale sou kolèj ak finisan yo (seniors)
- Fè yon fason pou mennen elèv yo patisipe nan vizit kolèj yo tankou “Historically Black College Fair” (15 oktòb) ak “Hispanic College Fair” (30 oktòb)
- Ankouraje elèv yo ak tout fanmi yo vizite kolèj yo enpi kontakte biwo enskripsyon kolèj lè yo gen tan kit pandan wikenn, jou konje oswa vakans
- Ankouraje elèv finisan yo (seniors) pale ak konseye ACCESS yo sou fason yo ka prete kòb pou peye lekòl yo
- Ankouraje pwofesè yo ak nenpòt lòt anplwaye ki nan lekòl la pou yo ta ede elèv yo ranpli fòmilè enskripsyon ak ekri lèt demann admisyon yo
- Ankouraje “seniors” yo enskri enpi pase tès SAT oswa tès espesyal sou matyè yo

OU KAPAB ale nan kolèj!

Nou vle ede ou rive kote sa a. Oktòb se **Mwa Kolèj** nan Lekòl Piblik Boston yo.



AKTIVITE AK EVÈNMAN POU ELÈV YO

“Get Ready for College” Jou rezève pou prepare

5 oktòb rive 23 oktòb 2009

Tout lekòl piblik mwayèn nan Boston yo

Pwogram pi bonè se granmaten pou chak klas 8èm Ane yo patwone pa “TERI College Planning”

Egzamen PSAT pou tout elèv 10èm ak 11èm Ane nan Distri a

Mèkredi 14 oktòb 2009

Nan tout “BPS High Schools”

YMCA/Black Achievers Historically Black College Fair

Jedi 15 oktòb 10:30 a.m. – 12:30 p.m.

Nan Boston College, Flynn Recreation Center, Brighton

Jou pou reprezante “Represent Your Alma Mater”

Vandredi 23 oktòb


Tout anplwaye lekòl yo ansanm ak moun nan biwo santral yo ankouraje pou mete inifòm kolèj yo te genyen jou yo te diplome a. Yo dwe pare tou pou reponn tout kesyon elèv yo ta genyen pou poze sou esperyans kolèj yo.

Hispanic College Fair

30 oktòb 10:00 a.m. – 1:00 p.m.

Reggie Lewis Track and Field Center, Roxbury

Patwone pa Roxbury Community College and HOPE



Tcheke

“Next Stop, College” Info Page Online at

www.bostonpublicschools.org/college